

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Karya sastra mangrupa imajinasi manusa anu unggal kalimahna miboga unsur kaéndahan. Nurutkeun Aristoteles, karya sastra anu dumasar kana wujudiahna aya tilu rupa, nyaéta épik, lirik, jeung drama (Teeuw, 2015, kc. 85). Épik mangrupa téks anu sabagéan eusina déskripsi, jeung sabagéanna deui eusina dialog tokoh. Épik ogé sok disebut prosa. Sedengkeun lirik nyaéta ébréhan rasa atawa ide pangarang, ieu lirik téh sok disebut ogé puisi. Kritéria drama anu ngabédakeun jeung dua rupa karya séjénnna nyaéta hubungan manusa jeung dunya ruang tur waktu, lantaran drama mangrupa karya sastra anu dominan ku dialog para tokoh. Béda jeung pamadegam Aristoteles, nurutkeun Sumardjo & Saini (1986, kc. 17-18) wanda sastra dibagi jadi dua, nyaéta imajinatif jeung non-imajinatif. Imajinatif ngawengku puisi, prosa fiksi, jeung drama. Samentara non-imajinatif ngawengku éséy, kritik, biografi, otobiografi, sajarah, memoar, *catatan harian* jeung surat-surat. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén *genre* sastra aya tilu, nyaéta puisi, prosa, jeung drama.

Drama miboga karakteristik husus pikeun dibaca jeung diaprésiasi, nyaéta dina segi sastra lisan jeung tulisan. Sastra lisan dina drama tangtuna waé bisa ditilik ngaliwatan hiji pintonan atawa pagelaran, sedengkeun sastra tulisan bisa ditingali tina naskah dramana. Nurutkeun Ruhaliah (2017, kc. 117), drama dibagi dua rupa dumasar kana cara nepikeunana, nyaéta drama lisan jeung drama tinulis. Naskah drama ngawengku ngaran-ngaran tokoh dina carita, dialog anu diucapkeun ku para tokoh, jeung kaayaan panggung anu diperlukeun. Naskah drama ditulis sacara lengkep sangkan ngabantuan para aktor pikeun maénkeun carita atawa lakon di luhur panggung. Ku kituna, penting maham heula struktur naskah dramana saacan asup kana jero pintonan.

Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia (KBBI)* drama miboga sawatara wangenan. Kahiji, drama dihartikeun salaku komposisi syair atawa prosa anu dipiharep bisa ngagambankeun kahirupan jeung watek ngaliwatan paripolah (akting) atawa dialog anu dipintonkeun. Kadua, carita atawa kisah anu ngalibetkeun konflik atawa émosi, anu hususna disusun pikeun pagelaran téater.

Katilu, kajadian anu pikasediheun. Lian ti éta, Wiyanto (2002, kc. 31) nétélakeun yén drama ogé disebut sastra lakon. Salaku salasahiji *genre* sastra, drama diwangun ku struktur fisik jeung struktur batin. Anu ditalungtik tina ieu panalungtikan téh nyaéta wangun fisik drama anu mangrupa naskah drama. Saterusna Wiyanto (2002, kc. 32) ngébréhkeun yén naskah drama nyaéta karangan anu midangkeun carita atawa lakon. Naskah drama teu nyaritakeun carita sacara langsung, tapi caritaan diganti ku dialog para tokoh. Cindekna, drama mangrupa karya sastra anu bisa dilakonkeun sarta tangtu waé miboga unsur atawa struktur pangwanganan anu bisa ditingali boh sacara visual tina pintonan drama boh sacara tinulis tina naskah drama.

Naskah drama mangrupa padoman saméméh ngalaksanakeun hiji pintonan drama. Naskah drama ngawengku paripolah manusa anu katingali tina peran nu dilakonkeun ku para aktor. Tina hiji paripolah unggal aktor bisa kasawang sikep, pamikiran, atawa hal naon nu hayang ditepikeun pangarang ngaliwatan dialog jeung karakter anu dilakonkeun ku para aktor. Dumasar kana paripolah tokoh, naskah drama bisa ditalungtik kalawan ulikan psikologi sastra. Dina nalungtik hiji karya sastra, psikologi mangrupa ulikan kajiwaan anu bisa ditingali tina jihad sawang kajiwaan pangarang, tokoh, atawa pamiarsa.

Psikologi sastra nyaéta élmu anu maluruh ngeunaan kajiwaan tokoh-tokoh anu aya dina hiji karya sastra. Psikologi sastra nilik yén karya sastra ngawengku peristiwa kahirupan manusa anu diperankeun ku tokohna. Paripolah manusa dina hakékatna mangrupa hasil interaksi substansi dina kapribadian manusa saperti kapribadian unggal tokoh jeung konflik anu karandapan ku tokoh. Dina dasarna, psikologi sastra méré perhatian kana unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh dina karya sastra.

Dumasar kana naskah drama nu rék ditalungtik, bisa dititén karakter tokoh-tokoh nu aya dina éta naskah téh hirup saperti manusa. Dina hakékatna, manusa mangrupa mahluk ciptaan Gusti pikeun milampah kahirupan di dunya kalawan hadé. Dina lalampahan hirupna, manusa tangtu moal leupas tina pasualan. Éta pasualan téh ngawengku kahirupan dina interaksina antara lingkungan, masarakat, diri sorangan, sarta interaksi jeung Gusti. Éta pasualan-pasualan téh bisa

ngabalukarkeun konflik-konflik jeung gejala psikis atawa kajiwaa hiji jalma tanpa ningali umur.

Konflik nurutkeun *KBBI* nyaéta pasalia atawa pacogrégan. Sacara sosiologis, konflik dihartikeun salaku hiji prosés sosial antara dua urang atawa leuwih (bisa ogé kelompok). Konflik miboga fungsi salaku cukang lantaran bijilna situasi dramatik anu ngahirupkeun hiji carita. Éta situasi-situasi téh saterusna bakal ngawangun konflik-konflik nu leuwih gedé. Sedengkeun Fink (1968) ngahartikeun konflik salaku situasi atawa proses sosial antara dua atawa leuwih éntitas sosial anu dipatalikeun ku hubungan psikologis antagonis atawa interaksi antagonis (Wahyudi, 2021, kc. 17).

Panalungtikan karya sastra ngaliwatan pamarekan psikologi sastra katitén saperti nu stagnan jeung teu mekar, lantaran loba pakar anu miboga asumsi ngeunaan éta hal. Kahiji, maranéhna sok pasalia dina widang sastra lantaran kurang maham sacara kompréhénatif konsép-konsép anu aya patalina jeung psikologi. Kadua, maranéhna anu nalungtik di dunya psikologi ngarasa teu perlu pikeun maham kaélmuan anu ngawengku kasusastraan. Katilu, nalika maranéhna nyobaan matalikeun psikologi sastra kalawan bahan ulikan karya sastra, anu aya malah aspék-aspék kasusastraan teu diilubiungkeun. Ieu kaayaan ngajadikeun talaah psikologi sastra nu disorang téh fokus teuing kana psikologina (Minderop, 2011, kc. 3).

Tina salah sahiji fénoména di luhur, panulis kairut pikeun ngalaksanakeun panalungtikan kalawan judul “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra kana Naskah Drama *Buuk Seuneu* Karya Ériyandi Budiman”. Ieu panalungtikan dipigawé salaku fokus panalungtikan nu dilandasan ku sababaraha alesan: Kahiji, ieu panalungtikan psikologi téh diulik leuwih teleb deui ngeunaan pribadi jeung konflik tokohna dibandingkeun jeung panalungtikan saméméhna ngeunaan ulikan psikologi sastra. Kadua, hayang mikaweruh kumaha psikologi tokoh-tokoh dina carita pikeun ngabuktikeun ayana psikologi sastra dina naskah drama *Buuk Seuneu* Karya Ériyandi Budiman. Katilu, éta naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman téh can kungsi ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra kana Naskah Drama *Buuk Seuneu* Karya Ériyandi Budiman” masih kénéh perlu dilaksanakeun.

Nurgiyantoro (2013, kc. 29) nétélakeun yén unsur pangwangun dina naskah drama aya dua, nyaéta unsur intrinsik jeung unsur ekstrinsik. Dina maham naskah drama, kudu diulik unsur-unsur instrinsik anu lengkep sangkan meunangkeun eusi atawa ma'na. Éta unsur-unsur instrinsik téh mangrupa galur, latar, panokohan, jeung téma. Antarunsur silih patali sangkan bisa ngawangun naskah drama. Pikeun meunangkeun éta pamahaman dibutuhkeun analisis struktural. Nurutkeun Satinem (2019, kc. 37), ulikan struktural mangrupa tahap munggaran dina maham karya sastra tina unsur struktural atawa pangwangun karya sastra. Ieu analisis téh bisa dipigawé kalawan ngidentifikasi, ngulik, sarta ngahartikeun fungsi jeung hubungan antarunsur intrinsik.

Prinsip-prinsip dasar ngeunaan kajian struktural kana karya sastra bisa diringkes ngaliwatan pamadegan (Teeuw, 2015, kc. 106) nyaéta ulikan struktural miboga tujuan pikeun ngabongkar jeung midangkeun sacara cermat, teliti, detail, sarta nyosok jero, patalina atawa kaiketna kabéh anasir jeung aspék karya sastra anu babarengan ngahasilkeun ma'na nu maluruh.

Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan ngulik ogé ngeunaan struktur dina naskah drama *Buuk Seuneu*. Sawangan kana struktur naskah drama dipigawé pikeun meunangkeun pamahaman anu lengkep ngeunaan hiji lakon ngaliwatan naskah. Aspék anu kudu jadi sorotan nyaéta galur, karakter (panokohan), jeung téma. Éta tilu unsur anu dititén dina naskah drama ditilik pikeun ngungkab munculna struktur naskah drama. Ku kituna, ieu panalungtikan téh nalungtik struktur carita jeung struktur naskah drama dumasar kana pamarekan nurutkeun Robert Stanton nu ngawengku alur, tokoh atawa karakter, latar, jeung téma.

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngidéntifikasi struktur carita anu ngawengku téma, panokohan, latar, jeung galur. Salian ti éta, ngaguar ogé aspék-aspék psikologi sastra ngaliwatan karakteristik para tokoh anu nyampak dina naskah drama, utamana dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman. Tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nurutkeun Freud dina (Minderop, 2011, kc. 21), nu nepikeun tiori kapribadian dibagi jadi tilu nyaéta *id*, *ego*, jeung *superego*.

Aya sababaraha kaonjoyan tina naskah drama *Buuk Seuneu*, nyaéta tina segi basana loba maké basa buhun kiasan anu bisa nambahán pangaweruh jeung

wawasan ka nu maca. Ku kituna, maca ieu naskah teu bisa saukur maca saliwat tapi kudu bener-bener maham kana unggal dialog anu tangtuna waé miboga kontéks anu bédha. Tina segi sastra, dina ieu naskah téh aya sisindiran jeung pupuh dina awal atawa ahir babak. Salian ti éta, naskah *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman miboga daya irut anu unik réhna dina eusi caritana bisa ngagabungkeun antara unsur-unsur sajarah jeung kiwari. Saperti kacaritakeun salah sahiji tokoh dina carita rayat anu teu nyata jeung tokoh dina kahirupan nyata. Tapi unikna, inti tina caritana hayang ngagambarkeun kisah tina hiji tokoh, sarta anu maca gé mimiti mah bakal ngarasa bingung tokoh utama tina éta carita téh nu mana. Jadi, ngirutna ieu naskah téh bisa ngamunculkeun atawa nyiptakeun perspéktif anu bédha-bédha ti pamaca atawa pamiarsa.

Panalungtikan naskah drama anu make ulikan psikologi sastra mémang geus réa, di antarana nyaéta “Naskah Drama Manusa Jero Botol Saduran Rosyid E. Abby” ku Tina Wiarsih dina taun 2018; “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra dina Naskah Drama Semah Saduran Rosyid E. Abby” ku Tubagus Panji Rahmat H dina taun 2020; “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra dina Naskah Drama Dayeuh Simpe Karya Lugiena De” ku An’nur Rifki Rustandi dina taun 2022; jeung “Naskah Drama Odeu Karya Lugiena De : Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra” ku Tri Yoga Saputra dina taun 2023. Saupama ditilik tina panalungtikan sababaraha taun ka tukang, naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman téh can pernah ditalungtik. Ku kituna, éta naskah téh mangrupa naskah anyar nu layak ditalungtik.

Tina judul-judul panalungtikan di luhur, sanajan judul anu ditalungtik sarua ngeunaan ulikan psikologi sastra, nu ngabédakeun tina ieu panalungtikan nyaéta dina objék anu ditalungtikna. Aya sababaraha aspék tina psikologi sastra nu nyampak dina unggal naskah ogé tangtu aya bédana jeung miboga karakteristikna séwang-séwangan. Salian ti éta, ieu panalungtikan téh aya bédana jeung panalungtikan saméméhna lantaran dina ieu panalungtikan diguar leuwih teleb deui ngeunaan pribadi jeung konflik tokohna. Tina éta hal, panulis milih naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman lantaran karakter unggal tokoh nu aya dina éta naskah téh bisa disebut unik jeung ngirut pikeun diguar. Malah mah dina maca éta naskahna, pangarang lain ngan ukur ningalikeun aspék psikologi

tina tokoh carita wungkul, tapi bisa nguji pamikiran jeung psikologina pamaca atawa pamiarsa. Ku sabab kitu, ulikan psikologi sastra cocog pikeun ditalungtik dina ieu naskah drama. Loba aspek psikologi nu bisa diguar dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman, lantaran tina caritana nu gembleng bisa ditilik sababaraha ma'na nu nyamuni ngeunaan pasipatan jalma dina aspek psikologi.

Dumasar kana pedaran di luhur, psikologi sastra dina naskah drama téh kawilang penting pisan pikeun ditalungtik. Tujuanana pikeun méré pangaweruh atawa wawasan ka masarakat hususna *penggiat seni* drama ngeunaan psikologi dina karya sastra. Ku kituna, judul ieu panalungtikan téh nyaéta Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra kana Naskah Drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Di dieu dipedar ngeunaan idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar di luhur, kapaluruhan sawatara masalah, di antarana:

- 1) masarakat hususna *penggiat seni* drama kudu apal naon waé struktur nu aya dina naskah drama *Buuk Seuneu*; jeung
- 2) masarakat hususna *penggiat seni* drama kudu apal kumaha waé psikologi sastra nu aya dina naskah drama *Buuk Seuneu*.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur naskah drama dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman?
- 2) Kumaha struktur carita dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman?
- 3) Kumaha unsur kapribadian tokoh dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman dina tilikan psikologi sastra?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan tujuan umum jeung tujuan husus tina ieu panalungtikan.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur naskah drama jeung ngaguar sarta maluruh aspék-aspék psikologi sastra anu nyoko kana kapribadian jeung konflik nu karandapan ku tokoh nu aya dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis:

- 1) struktur naskah drama nu aya dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman;
- 2) struktur carita nu aya dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman;
- 3) kapribadian para tokoh nu ngarojong carita palaku utama dumasar kana konflik nu aya dina naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman dumasar kana pamarekan psikologi sastra; jeung

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis tina ieu panalungtikan.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

- 1) Méré informasi ngeunaan struktur carita jeung struktur naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman jeung jadi sumber référénsi ka nu ngalaksanakeun panalungtikan nu sarupa.
- 2) Panalungtikan struktur carita jeung struktur naskah drama bisa jadi tinjauan jeung sarana pikeun ngaaprésiasi hiji karya sastra.
- 3) Ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa ngajembarkeun élmu pangaweruh, utamana dina widang psikologi sastra anu bisa ngabuktikeun yén hiji naskah drama téh lain ngan ukur jadi bahan hiburan wungkul, tapi bisa ogé jadi sumber diajar.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

- 1) Pikeun panalungtik, bisa nambahana pangaweruh dina maham struktur carita jeung struktur naskah drama sarta karakteristik tokoh dina karya sastra.
- 2) Pikeun guru, ieu hasil panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun dijadikeun bahan matéri dina prakték pangajaran di kelas hususna dina widang élmu drama, jeung dipiharep bisa mantuan guru dina proses pangajaran di kelas utamana guru basa Sunda.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahana pangaweruh jeung wawasan masarakat dina ningali drama téh lain saukur pintonan pikeun hiburan wungkul, tapi bisa maham naon nu hayang ditepikeun tina hiji pintonan drama ngaliwatan psikologi sastra anu bisa ditilik tina karakter-karakter tokoh nu aya dina drama.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dijieu pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan husus dina panalungtikan, mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab diguar ngeunaan drama, naskah drama, tiori struktural, tiori psikologi sastra, tiori psikoanalisis, jeung konflik. Tiori anu digunakeun pikeun nganalisis luyu jeung kabutuhan dasar, sarta bisa ngadéskripsiun dina wangun hasil panalungtikan. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, masalah-masalah anu jadi patalékan luyu jeung objék kajian panalungtikan.

Bab III Métode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téknik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan analisis struktural jeung psikologi sastra dina naskah drama Buuk Seuneu karya Ériyandi Budiman katut pedaranana.

Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan panalungtikan jeung rékoméndasi méré saran pikeun panalungtik saterusna sangkan panalungtikan téh leuwih mundel.